



# Apèsi paran yo sou

## Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut la

Apèsi sa a fèt pou esplike paran/responsab legal yo Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut la. Egzamen sa yo fèt pou elèv ki gen andikap mantal ki pi grav yo. Yo bay resous tou pou ede fanmi yo travay ak pitit yo pou pi byen prepare yo pou tès sa yo.

### Evalyasyon Altènatif

Evalyasyon altènatif yo mezire konesans ak ladrès elèv ki gen andikap mantal ki pi grav yo, jan Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA, an anglè) ak Lwa tout elèv ap fè siksè (ESSA, an anglè). Sistèm evalyasyon sa a baze sou menm estanda eta a ki tabli pou tout elèv lekòl piblik Connecticut. Evalyasyon altènatif yo sipòte endepandans elèv yo nan pi gwo mezi posib lè yo fè kontni akademik yo aksesib epi fè nivo siksè yo espere yo apwopriye.

### Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut la

DOMÈN KONTNI	EVALYASYON ALTÈNATIF	KLAS
Lang Anglè	Evalyasyon Altènatif Connecticut (CTAA, an anglè)	3–8 epi 11
Matematik	Evalyasyon Altènatif Connecticut (CTAA, an anglè)	3–8 epi 11
Syans	Syans Altènatif Connecticut (CTAS, an anglè)	5, 8 epi 11
Konpetans Lang Anglè	Evalyasyon Altènatif Connecticut Konpetans nan lang Anglè (CAAELP, an anglè) pou elèv yo idantife kòm elèv k ap aprann anglè/aprann plizyè lang (ELs/MLs) epi ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP, an anglè).	K-12

### EVALYASYON ALTÈNATIF CONNECTICUT (CTAA, an anglè)

CTAA teste ladrès lang anglè ak matematik pitit ou a dapre atant Nòm fondamantal Connecticut yo (CCS, an anglè). Egzamen sa a se sèlman pou elèv ki kalifye ki gen andikap mantal ki pi grav yo nan klas 3yèm–8yèm ak 11yèm ane. Se yon tès sekirize yon pwofesè ki resevwa fòmasyon espesyal bay pitit ou a fas a fas atravè òdinatè. Se pwofesè a ki antre repons pitit ou a nan òdinatè a oswa, si sa a apwopriye, li ka antre repons yo pou kont li. Gen kèk elèv ki ka fè tès la sou papye si sa a nesesè.

CTAA fèt pou travay avèk mòd komunikasyon pitit ou a. Pwofesè yo bay teknoloji asistans, sipò komunikasyon ak aranjman ki nan IEP pitit ou a si yo konfòm ak règleman tès yo.

Tès sa a sèvi ak prensip [Konsepsyon inivèsèl pou aprantisaj \(UDL, an anglè\)](#). Yo li fò tout tès la—ki gen ladan pasaj, atik ak opsyon repons yo—pou pitit ou a.

Lòt sipò entegral yo genyen:

- ◊ Pasaj lekti ki pi kout;
- ◊ Plis foto ak grafik pou ede pitit ou konprann kontni egzamen an; epi
- ◊ Fòm komen ak nimewo ki pi piti nan egzamen matematik la.

Yo bay CTAA pandan paj egzamen Departman Edikasyon Eta Connectic和平 (CSDE) fikse. Pwofesè pitit ou a pral bay tès sa a pandan plizyè jou, dapre bezwen pitit ou a, ki gen ladan l bay poz si sa a nesesè.

Tès lang anglè a gen twa sesyon: de lekti ak yon sèl ekriti. Matematik la gen de sesyon. Pifò nan kesyon tès yo se chwa miltip. Mande pwofesè pitit ou a pou l sèvi ak tès pratik la pou kite pitit ou a santi li pi alèz epi abitye avèk fòma tès sou Entènèt la ak karakteristik aksè yo.

Ou pral resevwa yon Rapò Elèv Endividyle nan lekòl ou a nan sezon otòn la ak nòt yo nan egzamen sa a. Yo ka itilize rezulta sa yo pou idantifye domèn kote amelyorasyon ansanm nesesè ak domèn fòs pou tout moun ka travay ansanm pou ede pitit ou a. Pwofesè yo ka itilize rezulta yo kòm youn sous enfòmasyon pou gide ansèyman yo pou pitit ou a kontinye aprann konesans ak konpetans kontni akademik nivo klas la avèk sipò apwopriye.

## EVALYASYON SYANS ALTÈNATIF CONNECTICUT (CTAA, an anglè)

CTAS teste konpreyansyon pitit ou a nan konsèp syans yo ki baze sou Estanda Syans Pwochen Jenerasyon (NGSS, an anglè). Tès sa a sèlman pou elèv ki kalifye ki nan klas 5yèm, 8yèm ak 11yèm ane ki gen andikap mantal ki pi grav yo. CTAS la fèt pou yo bay pandan ane lekòl la, pou bay pitit ou plizyè opòtinite pou li patisipe nan kontni ak materyèl syans nivo klas yo. Yon pwofesè ki resevwa fòmasyon ap travay ak pitit ou a pou teste pefòmans yo nan plizyè aktivite ki reprezante konpetans ak konesans enpòtan ki enplike senaryo reyèl atravè Syans Lavi, Latè, ak Syans Fizik. Tout elèv ki kalifye pou evalyasyon altènativ sa a nan Klas 5yèm, 8yèm ak 11yèm ane dwe patisipe. Ou pral resevwa yon Rapò Elèv Endividyle nan lekòl ou a nan sezon otòn la ak nòt yo nan egzamen sa a.

## EVALYASYON ALTÈNATIF CONNECTICUT KONPETANS NAN LANG ANGLÈ (CAAELP, an anglè)

CAAELP se yon tès ki kreye pou elèv yo idantifye kòm EL/ML ki gen andikap mantal ki pi grav nan Klas K-12. CAAELP baze sou Estanda Konpetans nan Lang Anglè pou Elèv k ap Aprann Anglè ak Andikap Mantal ki Grav. Si pitit ou a kalifye pou tès sa a, yon pwofesè ki resevwa fòmasyon pral bay tès la fas a fas pou asire yo bay sipò ak akomodasyon yo jan yo ye nan IEP pitit ou a si yo konsistan avèk règleman tès yo. Ou pral resevwa yon Rapò Elèv Endividyle nan lekòl ou a nan sezon otòn la ak nòt yo nan tès sa a.

## Resous pou Paran/Responsab legal yo

Biwo Evalyasyon Elèv CSDE <https://portal.ct.gov/SDE/Student-Assessment/Main-Assessment/Student-Evalyasyon>

CTAA ak Tès Pratik CAAELP <https://ctpt.cambiumtds.com/student>

Sant Nasional ak Kolaborasyon Eta (NCSC, an anglè) <http://www.ncscpartners.org/>

Konsepsyon Invèsel pou Aprantisaj <https://www.cast.org/impact/universal-design-for-learning-udl>

## Fanmi k ap travay ak pwofesè yo

Timoun yo aprann byen lè pwofesè yo ak fanmi yo travay ansanm. Ou ka ede pitit ou a aprann lè ou menm ak pwofesè pitit ou a pataje enfòmasyon youn ak lòt. Ou ka pataje fason pitit ou aprann pi byen ak sa ki enpòtan pou li yo. Li enpòtan tou pou bay pitit ou a aktivite aprantisaj pwofesè yo sijere yo. Pou fè sa a, chèche konnen kisa enstriksyon pitit ou a sanble ak sa a pitit ou a dwe aprann ak fè. Pa egzanp, yon pwofesè ta ka di pati ki pi enpòtan nan lekti pou pitit ou a se reponn kesyon yo, sa yo ka fè apre yo fin koute istwa a olye pou yo li l pou kont yo. Menm jan an tou, ekriti ka gen ladan fason pitit ou a kominike panse ak lide li yo lè l sèvi avèk òdinatè a, teknoloji asistans, dikte oswa yon sistèm komunikasyon olye pou yo itilize yon kreyon ak papye.

Pou wè egzanp sou jan sipò sa yo sanble ak fason pwofesè yo ka itilize yo, ale nan Resous NCSC nan <https://wiki.ncscpartners.org>. Paran yo ka itilize resous ki sou sit sa a pou ede pitit yo ogmante konesans ak konpetans yo. Sit la gen ladann yon seksyon "Konsèy ak zouti pou paran" ki ka ede paran yo itilize materyèl resous yo. Resous sa yo ede pwofesè yo ak paran yo konnen ki kontni yo dwe anseye nan chak klas, ofri sijesyon ak modèl sou fason yo anseye kontni espesifik, epi montre kijan kontni an gen rapò ak mond reyèl la. Travay kole kole ak pwofesè pitit ou a epi sèvi ak resous sa yo ap ede pitit ou a devlope ladrès pou invèsite, karyè ak kominote.

## Rezime

Pandan tout moun ap travay ansanm pou sipòte aprantisaj pitit ou a nan kontni ki gen rapò ak ladrès pou invèsite, karyè ak kominotè, Sistèm Evelyasyon Altènatif Connecticut a, ansanm ak Biwo Pèfòmans CSDE a ak pwofesè pitit ou a, pral bay konsèy sou kontni ak sipò ki apwopriye. Pwofesè yo ak fanmi yo k ap travay ansanm ap fè ansèyman endividyle yo gen sans epi yo pral ede pitit ou a devlope ladrès ki nesesè sa yo.

## LADRÈS POU INVÈSITE, KARYÈ AK KOMINOTE

- **Lekti ak ekri** se ladrès enpòtan pou devlope pou konprann liv yo, rasanble epi aprann nouvo enfòmasyon, pran nòt, pataje panse ak istwa, konpare enfòmasyon, li orè, elatriye.
- **Matematik ak syans** enpòtan pou konprann nimewo, rezoud pwoblèm, konprann anviwònman an, itilize orè, fè aranjman pou transpò, jere lajan, elatriye.
- **Ladrès komunikasyon yo** enpòtan pou defann pwòp tèt ou, patisce nan konvèsesasyon sosyal e ki gen rapò ak edikasyon, eksprime sa a w vle ak sa a w bezwen, jwenn enfòmasyon, fè demann oswa refize, achte, prepare yon manje, elatriye.
- **Ladrès sosyal ki apwopriye pou laj yo** enpòtan pou konstwi konesans ak eksperyans ou pataje ak kamarad nan lekòl la, nan kominote a ak nan travay.
- **Endependans ak travay ann ekip** enpòtan pou devlope ladrès pou rezoud pwoblèm, konprann epi swiv direksyon, fini nouvo travay, sèvi ak sipò yo bay yo epi travay byen ak lòt moun.
- **Ladrès pou jwenn aksè nan sistèm sipò yo** enpòtan pou ansèyman akademik, kolabore ak kamarad, devlope endependans, mande asistans epi pou itilize zouti ki apwopriye yo (pa egzanp, kalkilatris) pou fini yon travay.